**दिन–रवि** **दिनांक–14.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपा संगठनात्मक स्तर पर पैघ निर्णय लैत बिहार सरकार मे मंत्री नितिन नवीन के पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नियुक्त कयलक अछि। एहि नियुक्ति के बिहारक संग–संग राष्ट्रीय राजनीति मे बीजेपीक रणनीतिक मजगूतीक तौर पर देखल जा रहल अछि। ई नियुक्ति आइ सँ तत्काल प्रभाव सँ लागू भऽ गेल अछि। भाजपाक राष्ट्रीय महासचिव आ मुख्यालय प्रभारी अरूण सिंह द्वारा जारी आदेशक अनुसार ई नियुक्ति पार्टीक संसदीय बोर्ड द्वारा कयल गेल। पटनाक बांकीपुर विधानसभा क्षेत्र सँ विधायक नितिन नवीन वर्तमान मे पथ निर्माण मंत्री छथि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नितिन नवीन सँ भेट कऽ हुनका पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नियुक्त कयल जयबा पर बधाई देलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित नवीन पुलिस केन्द्र परिसर मे केन्द्रीकृत रसोई–सह भोजनालय आ सात सय क्षमतावला पुरूष सिपाही बैरकक उद्‌घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे पटना पुलिस केन्द्र मे रहयवला पुलिस बल सभ के अपन ड्‌यूटी करबाक संग–संग राशन आ भोजन आदिक व्यवस्था करबा मे बेसी कठिनाई होइत अछि। एहि समस्याक समाधान करबाक लेल पुलिसलाईन मे जीविका दीदी की रसोई के शुभारंभ कयल गेल। एहि सँ एतऽ रहयवला लगभग तीन हजार पुलिस बल के सस्ता दर पर पौष्टिक भोजन भेटत। मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि सँ समय आ श्रमक बचत होयबा सँ पुलिसकर्मी नीक जकाँ अपन ड्‌यूटी कऽ सकताह। ओ कहलनि जे एहि रसोई सँ लगभग एक सय बीस जीविका दीदी के रोजगार सेहो उपलब्ध होयत। एहि अवसर पर उपस्थित उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे एहि परिसरक निर्माण सँ पुलिसकर्मी सभ के अत्याधुनिक सुविधा भेटत।

---

विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार विधानसभाक प्रक्रिया, कार्य संचालन नियमावलीक अंतर्गत लोक लेखा समिति, प्राक्कलन समिति, याचिका समिति, आश्वासन समिति एहेन

सोलह समितिक गठन कयलनि अछि। नवगठित समितिक पहिल बैसक काल्हि आयोजित कयल जायत।

—————————————————————————

विधानसभा चुनाव मे एनडीएक ऐतिहासिक जीत पर आइ पटनाक बांकीपुर विधानसभा मे कार्यकर्ता सम्मान समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर पटना सहिबक सांसद रविशंकर प्रसाद, विधानसभाक पूर्व अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, सड़क निर्माण मंत्री नितिन नवीन, विधायक संजीव चौरसिया सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

—————————————————————————

आइ ऊर्जा संरक्षण दिवसक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु नव दिल्ली मे एक समारोह के सम्बोधित करैत कहलनि जे ऊर्जा संरक्षण आब मात्र एक विकल्प नहि अपितु वर्तमान समयक आवश्यकता अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे भारत ऊर्जा संरक्षण आ स्वच्छ ऊर्जा परिवर्तनक क्षेत्र मे महत्त्वपूर्ण डेग उठौलक अछि। ओ जनौलनि जे निर्धारित समय सीमाक पहिने भारत अपन स्वच्छ ऊर्जा वचनबद्धता के पूरा कयलक अछि।

—————————————————————————

दिल्लीक रामलीला मैदान मे आइ कांग्रेसक दिस सँ भोट चोरीक विरूद्ध रैलीक आयोजन कयल गेल। रैली मे सम्मिलित बिहार कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आरोप लगौलनि जे बिहार मे भाजपा चुनाव आयोगक संग मिलिकऽ भोट चोरी कयलक अछि। ओ जनौलनि जे पार्टी लगातार एकर विरूद्ध आंदोलन कऽ रहल अछि। बिहार कांग्रेस अध्यक्ष कहलनि जे पार्टी पूरा देश मे भोट चोरीक विरूद्ध अभियान चलाओत। एम्हर, भाजपा सांसद संजय जायसवाल कांग्रेसक दिस सँ आयोजित रैली पर कहलनि जे राहुल गांधी पूरा देश मे झूठक प्रचार कऽ रहलाह अछि मुदा एहि देश मे झूठक कोनो स्थान नहि अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे बिहारक जनता अपन मताधिकार सँ एहि बात के सिद्ध कयलक अछि। ओतहि, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि जे भोट चोरी कोनो मुद्दा नहि अछि।

---

केन्द्र सरकार वर्ष दू हजार छब्बीस मे हज यात्राक लेल सर्कुलर जारी कयलक अछि। सर्कुलर मे हज करबाक इच्छुक सभ संभावित तीर्थ यात्री सभ के सलाह देल गेल अछि जे ओ अपन बुकिंग काफी पहिनहि सुरक्षित करबा लेथि। एहि लेल पन्द्रह जनवरी या ओहि सँ पहिने अपन बुकिंग औपचारिकता पूरा करायब आवश्यक अछि।

---

प्रदेशक अधिकांश भाग मे न्यूनतम तापमान मे आओर कमी दर्ज कयल गेल अछि। आइ किशनगंज मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान आठ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

---

समाप्त भेल।